

2026

Pèmi Pakin Rezidan Brochi Enfòmasyon



Foto Pèmi 2026 pa Isabella Cappabianca



CITY OF
CAMBRIDGE

Department of
Transportation

Eskane kòd QR la pou tradiksyon an Amarik, Arab, Bangla, Chinwa Senplifye, Kreyòl Ayisyen, Pòtigè ak Espanyòl.

ትርጉሙን ለማንበብ ኮድ ይቃኙ።

امسح الكود لقراءة الترجمة.

অনুবাদ পড়তে কোড স্ক্যান করুন।

扫码阅读翻译。

Eskane kòd QR la pou li tradiksyon an.

Escaneie o código para ler a tradução.

Escanee el código para leer la traducción.

Yi-An Huang, City Manager
Brooke McKenna, Komisyone
344 Broadway, Cambridge, MA 02139
cambridgema.gov/rpp | 617-349-4700



Règ sou Pèmi Rezidan ak Vizitè

Aprann plis nan cambridgema.gov/parkingpermits.

Vyolasyon règ sa yo ka lakoz yon amann jiska \$300 pou chak enfraksyon.

Pèmi Pakin pou Rezidan

- Pèmi yo dwe kole anndan machin nan, nan kwen anba vit machin nan bò chofè a, pou yo valab.
- Nimewo ki sou pèmi an dwe koresponn ak nimewo plak machin nan
- Si ou gen yon nouvo machin oswa si plak ou chanje, ou pa ka kontinye itilize menm pèmi an.
- Pa kopye pèmi an ni pa transfere l nan yon lòt machin.
- Si w modifiye oswa deplase pèmi an, y ap revoke l epi y ap bay machin pèmi an afiche ladan an kontravansyon/ tikè.
- Si w deplase kite Cambridge, retire pèmi w la.
- Tout pèmi yo ekspire 31 mas 2027.

Pèmi Pakin Vizitè yo

Pèmi Pakin Vizitè yo pèmèt moun ki pa rezidan yo pake nan zòn "Pakin ak Pèmi Sèlman" pandan y ap vizite kay yon rezidan. Vizitè yo dwe remèt pèmi an bay rezidan an apre chak vizit.

Ki moun ki ka itilize pèmi pakin pou vizitè yo?

- Se sèlman envite rezidan Cambridge yo ki ka itilize pèmi vizitè yo.
- Pèmi yo valab sèlman nan zòn ki endike sou do pèmi pakin vizitè a.
- Taksi, machin livrezon, ak machin ki twò gwo pa kapab itilize pèmi vizitè yo.

Kisa règleman yo ye?

- Pa kopye, vann, transfere, oswa modifiye pèmi vizitè yo.
- Machin yo dwe deplase apre 24 èdtan.
- Machin yo pa ka pake nan menm zòn nan plis pase twa jou pa semèn (eksepte dimanch).
- Vil la kontwole itilizasyon pèmi vizitè yo. Si yo itilize yon pèmi vizitè anpil sou menm machin nan, nou ka bay machin nan kontravansyon epi/oswa anile pèmi an.
- Si ou demenaje nan Cambridge, kontakte Sèvis Pakin. Ou ka bezwen chanje pèmi ou.



Plasman pèmi

Pèmi yo dwe plase isit la.

Retire tout pèmi ane anvan yo.

Pèmi yo dwe kole anndan machin nan, nan kwen anba vit machin nan bò chofè a, pou yo valab.

Pèmi Pakin Vizitè yo plase sou dach (dashboard) machin vizitè a.

Pakin machin ou an nan respè tout pano ak règleman Vil la.

Rapèl Netwayaj Lari

Vil la bale lari yo pou netwaye epi pwoteje kalite dlo nan Charles River ak Alewife Brook.

Vil la pa remòke machin pou netwaye lari ankò, men machin ki pa deplase yo ap resevwa yon amann \$100.

Tcheke orè a epi deplase machin ou pou evite yon tikè epi kenbe lari nou yo pwòp!

Rapèl sou Pakin ak Lari Cambridge yo

Règ Kontè Pakin

- Peye ak pyès 25 santim oswa yon aplikasyon pakin mobil.
- Pa pake apre limit tan ki afiche a.
- Pakin gratis dimanch ak jou ferye nan Massachusetts.
- Kat/plak pou andikape yo pake gratis san limit tan.


Estasyon Peman oswa Kontè ki kraze?

Si ou kwè yon estasyon peman oswa yon kontè kraze, ou dwe peye atravè yon aplikasyon pakin mobil oswa pake yon lòt kote.

Pou rapòte yon kontè anpàn, rele 617-349-4700.

Kat Jeyografik Distri pou Netwayaj Lari

Enskri pou resevwa rapèl pou netwayaj lari nan
cambridgema.gov/StreetCleaningReminders.



Orè Netwayaj Lari 2026

*Endike chanjman orè pou akomode jou ferye yo
617-349-4800 | cambridgema.gov/theworks

DISTRI	BÒ	JOU	AVRIL	ME	JEN	JIYÈ	OUT	SEPT	OKT	NOV	DES
A	Enpè	1 ^{ye} Mèk	1	6	3	1	5	2	7	4	2
A	Pè	1 ^{ye} Jed	2	7	4	2	6	3	1	5	3
B	Enpè	1 ^{ye} Lend	6	4	1	6	3	31-Out*	5	2	7
B	Pè	1 ^{ye} Mad	7	5	2	7	4	8	6	3	1
C	Enpè	1 ^{ye} Vand	3	1	5	30-Jen*	7	4	2	6	4
C	Pè	2 ^{zyèm} Lend	13	11	8	13	10	14	29-Sep*	9	14
D	Enpè	2 ^{zyèm} Mad	14	12	9	14	11	8	13	10	8
D	Menm	2 ^{zyèm} Mèk	8	13	10	8	12	9	14	29-Okt*	9
E	Enpè	2 ^{zyèm} Jed	9	14	11	9	13	10	8	12	10
E	Pè	2 ^{zyèm} Vand	10	8	12	10	14	11	9	13	11
F	Enpè	3 ^{zyèm} Lend	29-Avril*	18	15	20	17	21	19	16	21
F	Pè	3 ^{zyèm} Mad	21	19	16	21	18	15	20	17	15
G	Enpè	3 ^{zyèm} Mèk	15	20	17	15	19	16	21	18	16
G	Pè	3 ^{zyèm} Jed	16	21	18	16	20	17	15	19	17
H	Enpè	3 ^{zyèm} Vand	17	15	29-Jen*	17	21	18	16	20	18
H	Pè	4 ^{yèm} Lend	27	29-Me*	22	27	24	28	26	23	28
J	Enpè	4 ^{yèm} Mad	28	26	23	28	25	22	27	24	22
J	Pè	4 ^{yèm} Mèk	22	27	24	22	26	23	28	25	23
K	Enpè	4 ^{yèm} Jed	23	28	25	23	27	24	22	30-Nov*	24
K	Pè	4 ^{yèm} Vand	24	22	26	24	28	25	23	27	29-Des*

Enfòmasyon sou Kontak

Vil Cambridge

617-349-4000 | cambridgema.gov

Department of Transportation (Depatman Transpò)

617-349-4700 | cambridgema.gov/Transportation

Machin Lapolis (Ki pa Ijans) ak Remokè

617-349-3300 | cambridgema.gov/TowedVehicles

Tout nimewo telefòn ki nan lis yo se nimewo vwa.
Ou ka kontakte nou tou atravè 711 (relè).

Li Brochi sa a Sou Entènèt

www.cambridgema.gov/2026rpp

Enfòmasyon sou Aksè

Vil Cambridge pa fè diskriminasyon, sa gen ladan sou baz andikap. Nou ka bay materyèl nan diferan fòm epi fè lòt modifikasyon rezonab pou moun ki gen andikap yo.

Ou Bezwen Èd?

Si w gen kesyon oswa ou bezwen asistans, kontakte nou nan tpt@cambridgema.gov, 617-349-4700, oswa atravè relè nan 711.

Sezon

Renouvèlman 2027

Na wè Ou ane Pwochèn!

Pèmi 2026 ou a ap ekspire 31 mas 2027.

Sezon Pèmi Rezidan/Vizitè 2027 la ap kòmanse 2 janvyè 2027. Ou ap kapab renouvle pèmi 2026 ou a sou entènèt nan cambridgema.gov/parkingpermits nan dat 1ye desanm 2026.